ҚАЗАҚ ХАЛЫҚ ЖОҚЛАЎЛАРЫНЫҢ ӨЗИНЕ ТӘН ӨЗГЕШЕЛИГИ

А.У.Бекбергенова

ӨЗР ИА ҚҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты

Қазақ халқының аўыз еки әдебияты салт дәстүрлеринен әҳмийетли орын алатуғын жоқлаў қосықларын үйренип қарағанымызда кең көлеми менен халықтан халыққа жетип келиўи менен де, сақланып ҳәм раўажланыўында да өзине тән өзгешеликке ийе екенлиги менен белгиленеди. Буның айқын дәлийли бул халықларда алдыңғы ҳәм кейинги жыллары авторлық жоқлаўларда орын алған. Илимпаз Т.Арынов: Қазақ халқының жоқлаўларын «бириншиси қайтыс болған адамның ул-қызлары шығарған жоқлаўлар, екинши анасы шығарған жоқлаўлар, үшиншиси ақын, жыраўлар шығарған жоқлаўлар»[1], - деп үш түрге бөлип қарайды. Усы үшинши түрине байланыслы Бухардың Абылай ханды жоқлаўында:

«Абылай, асқар таўым қайдасың»,

Алаштың айбыны, еңсели қайдасың,

Алтын аўыз ақ орда, алтын тақ,

Айрылдық ханнан қайдасың?

Туғырыңнан талпынып ушқан суңқарым,

Тарылып - ишиң қайдасың?

Ал, Үмбетей жыраўдың жоқлаўында бул тулға ҳаққында мынадай қатарларды ушыратамыз:

Абылай атыңнан айналайын,

Алашың қалды хан саған,

Басыңды таўға соқсаңда,

Айрылған ханың оралмас[2].

Бул еки жоқлаўлардағы сыпатламар арқалы Абылай ханның батырлығы, ел-халқының оған деген ҳүрмети, ел ағасынан айрылғандағы өкинишлери, оған деген өзгеше сүйиспеншилиги белгилеп берилген. Ал, Алтынхан Төленхан қызының әкесин жоқлаўында мынадай етип бериледи.

Алдымда асқар бел еди-ау,

Мейириң шалқар көл еди-аў,

Асқар тау қулап жер болды-аў,

Шалқар көлим шөл болды-аў,

Иши гәўҳар, сырты алтын,

Қулады – аў сая терегим,

Жыласам суўдай агаман,

Излесем қайдан табаман[3, 77].

Усы мазмундағы қатарларды Қаз даўыслы Қазыбек бийдиң қызы Қамқаның жоқлаўында көриўимизге болады.

Кешеги жүрген әкекем,

Жоқтаўсыз тастар ерме еди?

Төрт тиреўдиң бири едик,

Қыйын қыстаў ис келсе,

Бәринен де ири едик,

Енди халық не болар?

Асқар таўы қулаған,

Орынсыз жерге қан төгип,

Қас қылған емес бир жанға,

Басын ийип қул болып,

Бағынған емес бир жанға,

Халқыңа арнап жол салдың,

Қолайлы қылып ҳәр заңға,

Жесир қатын, жетим ул,

Әрўағыңа таянып,

Ийе болды мал жанға[3, 212].

Қазақ халқы жоқлаўлары жоқарыда айтып өткенимиздей өриси кеңлиги менен өзгешеленеди. Мысалы: «Бабалар сөзи» деп аталатуғын жүз томлығының муң-шер қосықлары деп берилген 91- томында жоқлаўлардың «Әкени жоқлаў» деген бөлиминде әкени жоқлаўға арналған муң қосықлары былай баянланған.

Жүк ортасын ояйын,

Жүк аяқты қояйын,

Иманды болғыр әкежан,

Жыламай қәйтип қояйын,

Таў басында кекилик,

Кекилик отыр бекинип,

Жыламайын десемде,

Басыма түсти жетимлик [3, 53].

«Күйеуин жоқлаў» ға байланыслы қосықлар мына мазмунда берилгенлигин көремиз. Мысалы:

Ораўышым оңбады,

Отызға жасың толмады,

Жети жыл жолдас болғаным,

Жети күндей болмады,

Омыраў толы ақ моншақ,

Әкели бала мақтаншақ,

Әкеси жоқ жалғызың,

Болады енди жасқаншақ[3, 100]

Жоқарыдағы мысаллардағы жоқлаўлардың барлығы муңлы, қайғыны билдирип ең жақын адамлары бул дуньядан өткенде оларды еслеп, ҳүрмет иззет пенен айтылғаны нәзерде тутылады. Әкесине айтылған жоқлаўларда хан атасын улығлаўы менен бирге ел басына түскен аўыр мүсибетти де, тек бир ханның қызы емес, пүткил халықтың басына түскен жетимликти көриўимизге болады. Бул қосық қатарларында өлген ханның ҳәм бийдиң әдиллиги, айбаты, ел тәғдири ушын алып барған қалыс ислери де баянланған. Әке перзент ушын ҳәмме ўақыт асқар таў сыяқлы күшли сүйениш екени айқын ашып берилген. Ал, «Күйеўин жоқлаў»ға байланыслы қосық қатарларының өзине тән әҳмийети оғада үлкен себеби, тек өмирлик жолдас сыпатында емес, тири ўақтында балаларының келешеги, сүйениши, мақтанышы екенлигиде тәсирли баянланады. Сондай-ақ, топламдағы жоқлаўлар «Ҳәр түрли жоқлаўлар», «Ананың баланы жоқлаўы», «Туўысқанды жоқлаў», «Ел тулғаларын жоқлаў» деп бөлимлерге бөлинген. Соның менен бирге, қазақ фольклортаныўы илиминде жоқлаў жанры бойынша М.Әўезов[4], А.Байтурсынов[5], Ә.Қоңыратбаев[6], Ә.Марғулан[7], Б.Уахатов[8], Д.Медерова[9], Б.Қорғанбеков[10]лардың, илимий изертлеўлеринде илимий анализлерди ҳәм бирқанша салмақлы пикирлерди ушыратамыз.

Жуўмақлап айтқанда, қазақ халық аўыз еки әдебиятындағы жоқлаўлар өзиниң бай идея-тематикасы, мазмунлылығы, тәрбиялық әҳмийетке ийе екенлиги менен өзгешеленеди.

Әдебиятлар:

1.Арынов Т. «Боздағым» Қазақтың жоқтау жырлары. –Алматы. Жазушы, 1990. – Б. 5-11.

2.https://share.google/ff6b1Gs850x3oM83I

3. Бабалар сөзи. Көп томлық. 91-том. Астана. Фолиант, 2013. – Б. 413.

4.Әуезов М. Шығармаларының елиў томдық толық жыйнағы. IV том.

– Алматы, 2001. 4-том, – Б. 22.

5. Байтурсынов А. Шығармалары. – Алматы, 1989. – Б. 236-238.

6. Қоңыратбаев Ә. Қазақ фольклорының тарихы. – Алматы. Ана тили, 1991. – Б. 3-40.

7. Марғулан Ә. Ежелги жыр аңыздар. – Алматы. Жазушы, 1985. – Б. 28.

8. Уахатов Б. Қазақтың турмыс-салт жырларының типологиясы. – Алматы. Ғылым, 1983. – Б. 134.

9. Медерова Д. Қулпы тас бетиндеги жоқтау сарыны. Батыс Қазақстан облысы материалдары бойынша. КазҰУ Хабаршысы. № 3(7). 2016. – Б. 37-43.

10. Қорғанбеков Б. Қожа Ахмет Ясауи ҳікметтері және қазақ фольклорындағы жоқтау жанры. Түркология. № 4, 2011. – Б. 53-59.